



Pou Piblikasyon Imedya: 16/05/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRAM VAKSINASYON ETA A

Yo te administre 105,099 dòz nan dènye 24 èdtan yo

Yo te bay 841,164 dòz pandan sèt jou pase yo

*Yo te administre 1,175 dòz nan sit vaksinasyon tanporè ki nan arè estasyon MTA
yo nan 2yèm jounen pwogram pilòt la*

Tablodbò Vaksen an te mete ajou chak jou sou pwogram vaksinasyon eta a [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogram vaksinasyon Eta a. Yo te administre 105,099 dòz atravè gwo rezo distribisyon eta a nan dènye 24 èdtan yo, epi yo te administre 1,175 dòz nan uit sit vaksinasyon tanporè ki nan arè estasyon MTA yo nan 4yèm jounen pwogram pilòt ki te lanse nan dat 12 me a. 841,164 dòz te administre nan tout eta a pandan sèt dènye jou yo. Yo prevwa alokasyon semèn 22 la ki gen ladan 926,450 premye ak dezyèm dòz ap fin rive jodi a.

"Vaksen an se zam ki kapab genyen lagè a, epi pi vit chak moun pran li, se pi vit nou kapab kontinye re-ouvri an tout sekirite ekonomi nou an epi retounen nan yon nouvo nòmal", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou kontinye ap travay avèk lidè ak òganizasyon kominotè yo pou rann vaksen an aksesib pou plis Nouyòkè, men nou toujou ap obsève yon reta nan vaksinasyon an epi mwen ap raple tout moun ke nou pa kapab vini konplezan avèk COVID. Vaksen an san danje ak efikas, epi pwosesis la plis transparan posib. Ou jis bezwen ale nan youn nan sit nou yo nan tout Eta a, twouse manch ou, epi mete nou pi pre nan viktwa kont viris la."

Tout sit vaksinasyon an mas Eta New York yo ouvri kounye a pou Nouyòkè yo ki elijib pou vaksinasyon san randevou sou baz ke se moun ki vini an premye yo ke y ap sèvi anvan. Vizit san randevou yo rezève pou premye dòz yo sèlman epi dezyèm dòz yo dwe pwograme otomatikman apre administrasyon premye piki a. Anplis, yo ankouraje tout founisè vaksen yo pou pèmèt vizit san randevou pou Nouyòkè ki elijib yo. Moun ki ta prefere fikse yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas eta a jere ka fè sa sou [Am I Eligible App](#) (Aplikasyon Èske Mwen Elijib) oswa lè yo rele 1-833-NYS-4-VAX. Moun yo ka kontakte depatman Sante Lokal, famasi, doktè oswa lopital yo tou pou fikse randevou kote vaksen yo disponib, oswa vizite [vaccines.gov](#) pou jwenn enfòmasyon sou randevou vaksen ki toupre yo.

REPATISYON NAN TOUT ETA A

Total dòz yo administre - 17,555,423

Dòz total yo administre pandan 24 èdtan pase yo - 105,099

Dòz total yo administre pandan 7 jou pase yo - 841,164

Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen - 61.6%

Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki gen seri vaksen yo konplete - 51.9%

Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 49.8%

Pousantaj nan tout Nouyòkè ki gen seri vaksen yo konplete - 41.6%

	Moun ki gen omwen yon dòz vaksen		Moun ki gen seri vaksen yo konplè	
Rejyon	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan
Capital Region	587,948	2,492	501,149	3,044
Central New York	472,434	1,760	418,292	1,714
Finger Lakes	597,286	3,166	520,516	3,099
Long Island	1,287,484	6,801	1,030,880	7,261
Mid-Hudson	1,054,218	4,908	867,163	6,586
Mohawk Valley	232,007	808	204,330	1,006
New York City	4,553,229	24,493	3,757,551	34,862
North Country	213,425	704	193,586	310
Southern Tier	307,372	939	268,878	863
Western New York	635,472	2,106	533,618	3,614
Nan tout Eta a	9,940,875	48,177	8,295,963	62,359

Rejyon	Kantite Dòz yo Resevwa Ototal	Kantite Dòz yo Administre Ototal	% Total Dòz yo Administre/Resevwa
Capital Region	1,272,745	1,049,809	82.5%

Central New York	912,840	846,832	92.8%
Finger Lakes	1,209,345	1,081,857	89.5%
Long Island	2,577,815	2,247,086	87.2%
Mid-Hudson	2,023,120	1,842,181	91.1%
Mohawk Valley	518,810	425,150	81.9%
New York City	8,928,045	7,993,012	89.5%
North Country	443,795	398,899	89.9%
Southern Tier	632,955	556,163	87.9%
Western New York	1,272,415	1,114,434	87.6%
Nan tout Eta a	19,791,885	17,555,423	88.7%

	1ye dòz yo livre konplètman bay Founisè New York yo	2yèm dòz yo livre konplètman bay Founisè New York	TOTAL	KIMILATIF
Semèn 1 Dòz k ap vini nan dat 12/14 - 12/20	163,650	0	163,650	163,650
Semèn 2 Dòz k ap vini nan dat 12/21 - 12/27	452,125	0	452,125	615,775
Semèn 3 Dòz k ap vini nan dat 12/28 - 1/03	227,395	0	227,395	843,170
Semèn 4 Dòz k ap vini nan dat 1/04 - 1/10	239,025	165,150	404,175	1,247,345
Semèn 5 Dòz k ap vini nan dat 1/11 - 1/17	221,315	119,925	341,240	1,588,585
Semèn 6 Dòz k ap vini nan dat 1/18- 1/24	250,400	462,395	712,795	2,301,380
Semèn 7 Dòz k ap vini nan dat 1/25 - 1/31	260,150	239,525	499,675	2,801,055
Semèn 8 Dòz k ap vini nan dat	321,850	220,720	542,570	3,343,625

2/01 - 2/07				
Semèn 9 Dòz k ap vini nan dat 2/8 - 2/14	320,000	244,500	564,500	3,908,125
Semèn 10 Dòz k ap vini nan dat 2/15 - 2/21	356,990	265,525	622,515	4,530,640
Semèn 11 Dòz k ap vini nan dat 2/22 - 2/28	393,530	305,780	699,310	5,229,950
Semèn 12 Dòz k ap vini nan dat 3/01 - 3/07	1,020,660	290,500	1,311,160	6,541,110
Semèn 13 Dòz k ap vini nan dat 3/08 - 3/14	618,880	526,415	1,145,295	7,686,405
Semèn 14 Dòz k ap vini nan dat 3/15 - 3/21	699,790	584,775	1,284,565	8,970,970
Semèn 15 Dòz k ap vini nan dat 3/22 - 3/28	828,000	737,080	1,565,080	10,536,050
Semèn 16 Dòz k ap vini nan dat 3/29 - 4/04	819,800	569,905	1,389,705	11,925,755
Semèn 17 Dòz k ap vini nan dat 4/05 - 4/12	1,068,455	658,770	1,727,225	13,652,980
Semèn 18 Dòz k ap vini nan dat 4/12 - 4/18	763,825	774,825	1,538,650	15,191,630
Semèn 19 Dòz k ap vini nan dat 4/12 - 4/18	738,340	507,620	1,245,960	16,437,590
Semèn 20 Dòz k ap vini nan dat 4/19 - 5/02	757,005	662,790	1,419,795	17,857,385
Semèn 21 Dòz ki te rive ant 5/03 - 5/09	451,100	556,950	1,008,050	18,865,435
Semèn 22 Dòz ki te rive ant 5/10 - 5/16	417,070	509,380	926,450	19,791,885

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodò a pou reflète mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans investigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki elijib a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)